

# Vaksen ACWY Menengokoksik—MenACWY ak MPSV4: Sa Ou Bezwen Konnen

Anpil Bilten ki gen Enfòmasyon sou Vaksen an disponib nan lang Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

1

## Pou kisa pou mwen pran vaksen?

Maladi menengokoksik se yon maladi grav moun pran akòz yon kalite bakteri ki rele *Neisseria meningitidis*. Li kapab lakòz menenjit (enfeksyon nan pawa sèvo a ak mwal epinyè a) ak enfeksyon san. Moun pran maladi menengokoksik souvan san avètisman—menm pami moun ki an sante tou.

Maladi menengokoksik kapab simaye ant yon moun ak yon lòt moun nan kontak sere (touse oswa anbrase) oswa nan kontak ki dire anpil tan, sitou pami moun k ap viv nan menm kay la.

Gen omwen 12 kalite *N. meningitidis*, ki rele “sewogwoup.” Sewogwoup A, B, C, W, ak Y lakòz pifò maladi menengokoksik.

Nenpòt moun kapab pran maladi menengokoksik, men sèten moun pi arisk, tankou:

- Tibebe ki poko gen yon ane
- Adolesan ak jèn adilt ki gen laj 16 zan jiska 23 zan
- Moun ki gen sèten pwoblèm medikal ki afekte sistèm defans yo
- Mikwobyolojis ki travay souvan avèk pasyan yo izole pou *N. meningitidis*
- Moun ki arisk akòz yon deklanchman nan kominote yo

Menm lè maladi menengokoksik trete, li touye 10 a 15 moun ki enfekte sou 100 moun. Epi pami moun ki siviv yo, apeprè 10 a 20 sou chak 100 ap soufri maladi tankou pèt odisyon, domaj nan sèvo, domaj nan ren, anpitasyon, pwoblèm nan sistèm nève, oswa sikatris grav nan grèf po.

**Vaksen ACWY** menengokoksik kapab ede evite maladi menengokoksik moun pran akòz sewogwoup A, C, W ak Y. Yon diferan vaksen menengokoksik disponib pou ede pwoteje kont sewogwoup B.

2

## Vaksen ACWY Menengokoksik

Gen de (2) kalite vaksen menengokoksik Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) bay lisans pou pwoteksyon kont sewogwoup A, C, W, ak Y: vaksen konjige menengokoksik (**MenACWY**) ak vaksen polisakaridik menengokoksik (**MPSV4**).

Doktè rekòmande de (2) dòz MenACWY souvan pou adolesan ki gen laj 11 zan jiska 18 tan: premye dòz la a 11 zan oswa 12 zan, avèk yon dòz rapèl nan laj 16 zan. Kèk adolesan, tankou sa ki gen VIH, ta dwe pran dòz

siplemantè. Mande pwofesyonèl swen sante ou pou li ba ou plis enfòmasyon.

Anplis vaksen woutin pou adolesan yo, doktè rekòmande vaksen MenACWY tou pou sèten gwoup moun:

- Moun ki arisk akòz deklanchman maladi menengokoksik sewogwoup A, C, W oswa Y
- Nenpòt moun ki gen larat li ki domaje oswa doktè retire
- Nenpòt moun ki gen yon pwoblèm ki ra nan sistèm defans li ki rele "defisyans pèsistan nan eleman konplemantè"
- Nenpòt moun k ap pran yon medikaman ki rele eculizumab (ki rele Soliris® tou)
- Mikwobyolojis ki travay souvan avèk pasyan yo izole pou *N. meningitidis*
- Nenpòt moun k ap vwayaje oswa k ap viv nan yon pati nan monn lan kote maladi menengokoksik ki prezan anpil, tankou kèk kote nan Afrik
- Etidyan klas premye ane kolèj k ap viv nan dètwa
- Rekri fòs lame Etazini

Timoun ki gen ant 2 mwa ak 23 mwa, ak moun ki gen sèten pwoblèm medikal bezwen pran anpil dòz pou yo gen pwoteksyon konvnan. Poze pwofesyonèl swen sante ou kesyon sou kantite dòz pou pran ak lè pou pran yo, ak bezwen pou dòz rapèl yo.

**MenACWY** se vaksen ki pi bon pou moun nan gwoup sa yo ki gen laj 2 mwa jiska 55 ane, ki te resevwa MenACWY anvan, oswa ki prevwa y ap bezwen pran anpil dòz.

**Doktè rekòmande MPSV4** pou adilt ki gen plis pase 55 ane ki prevwa y ap bezwen sèlman yon dòz senp (vwayajè yo, oswa pandan deklanchman yo nan kominote).

3

## Kèk moun pa ta dwe pran vaksen sa a

Fè moun k ap ba ou vaksen an konnen:

- **Si ou gen nenpòt alèji grav ki menase lavi ou.**

Si ou te janm gen yon reyaksyon alèjik ki menase lavi ou apre yon premye dòz vaksen ACWY menengokoksik, oswa si ou gen yon alèji grav nan nenpòt pati nan vaksen sa a, ou pa ta dwe pran vaksen sa a. Pwofesyonèl swen sante ou kapab ba ou enfòmasyon sou engredyan vaksen an.



U.S. Department of Health and Human Services  
Centers for Disease Control and Prevention

• **Si ou ansent epi oswa si bay tibebe ou tete.**

Pa gen anpil enfòmasyon sou risk posib vaksen sa a pou yon fanm ansent oswa pou yon manman k ap bay tibebe li tete. Ou ta dwe itilize li pandan gwosès la sèlman si sa nesèsè aklè.

Si ou gen yon ti maladi, tankou yon grip, ou kapab pètèt pran vaksen an jodi a. Si ou gen yon maladi ki modere oswa grav, ou ta dwe pètèt rete tann jouk lè ou refè. Doktè ou kapab ba ou konsèy.

**4**

**Risk yon reyaksyon nan vaksen an**

Avèk nenpòt medikaman, tankou vaksen yo, gen yon chans pou gen reyaksyon negatif. Anjeneral, reyaksyon negatif sa yo lejè, epi yo ale poukont yo nan kèk jou, men reyaksyon grav yo posib tou.

Apeprè mwatye moun ki pran vaksen ACWY menengokoksik gen **pwoblèm lejè** apre yo pran vaksen an, tankou po kò wouj oswa sansiblite kote yo te pran vaksen an nan kò yo. Si ou gen pwoblèm sa yo, anjeneral yo dire 1 oswa 2 jou. Yo pi komen apre MenACWY pase apre MPSV4.

Yon ti pousantaj moun ki resevwa vaksen an gen yon ti lafyèv.

**Pwoblèm ki kapab rive apre nenpòt enjeksyon vaksen:**

- Pafwa moun yo endispoze apre yon pwosedi medikal, tankou vaksen. Si ou chita oswa kouche pandan 15 minit, sa kapab ede ou pa pèdi konesans, epitou sa kapab ede ou pa pran chòk si ou tonbe. Fè doktè ou konnen si ou santi vètij, oswa si ou vizyon ou chanje oswa si ou tande boudonman nan zòrèy ou.
- Kèk moun gen doulè grav nan zèpòl yo epitou yo gen difikilte pou yo deplase bra yo kote yo te pran vaksen an. Sa rive trè raman.
- Nenpòt medikaman kapab lakòz yon reyaksyon alèjik grav. Reyaksyon sa yo nan yon vaksen ra anpil, epi yo estime yo a apeprè 1 sou yon milyon dòz, epitou yo ta rive ant kèk minit ak kèk èdtan apre vaksen an.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon chans ki ra anpil pou yon vaksen lakòz yon chòk grav oswa lanmò.

Yo toujou kontwole sekirite vaksen yo. Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou sitwèb:

[www.cdc.gov/vaccinesafety/](http://www.cdc.gov/vaccinesafety/)

**5**

**Kisa pou mwen fè si mwen gen yon reyaksyon ki grav?**

**Kisa mwen ta dwe chèche?**

- Chèche nenpòt bagay ki konsène ou, tankou siy yon reyaksyon alèjik grav, lafyèv ki cho anpil, oswa konpòtman iregilye.

Siy yon reyaksyon alèjik kapab gen ladan itikè, figi ak gòj anfle, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij, ak feblès—anjeneral ant kèk minit ak kèk èdtan apre vaksen an.

**Kisa mwen ta dwe fè?**

- Si ou panse se yon reyaksyon alèjik ki grav oswa lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa ale nan lopital ki pi pre a. Si se pa sa, rele doktè ou.
- Apre sa, ou ta dwe rapòte reyaksyon an nan Sistèm pou Rapòte Reyaksyon Negatif Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Doktè ou ta dwe fè rapò sa a, oswa ou kapab fè sa poukont ou sou sitwèb VAERS nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov), oswa ou kapab rele nimewo **1-800-822-7967**.

*VAERS pa bay konsèy medikal.*

**6**

**Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan Vaksen**

Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan Vaksen (Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te ka pran chòk akòz sèten vaksen.

Moun ki kwè yo te ka pran chòk nan yon vaksen kapab chèche enfòmasyon sou pwogram nan ak sou fason pou fè yon reklamasyon. Pou fè sa, yo ka rele nimewo **1-800-338-2382** oswa yo ka ale sou sitwèb VICP nan [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation). Gen yon limit tan pou fè yon reklamasyon pou konpansasyon an.

**7**

**Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?**

- Mande pwofesyonèl swen sante ou. Li kapab ba ou endikasyon ki sou anbalaj vaksen an, oswa li kapab sijere ou lòt kote pou jwenn enfòmasyon.
- Rele depatman sante zòn ou oswa nan eta kote w ap viv la.
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC):
  - Rele nimewo **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Ale sou sitwèb CDC nan [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines)

Vaccine Information Statement  
**Meningococcal ACWY Vaccines**

03/31/2016

Haitian Creole

Office Use Only



42 U.S.C. § 300aa-26